АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№39 (9927)

РУЗМАН

25 сентябрь 2020 сон

8 САФАР 1442 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

*Лъайкьеялъул бутIаялда*

МугIрузул районазда тIоцебесеб колледж



2 ГЬУМ.

*ХI. ХIамидовас 80 сон тIубаялде*

(газеталъул архивалдаса)

ГIаданлъиялъулги гIелмуялъулги канлъи



3 ГЬУМ.

■ **«ЦОЛЪИ»ЯЛЪ 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

# Конкурс «Цолъи»ялъул бищун лъикIав гьалмагъ»

**ХIРИЯЛ ЦIАЛДОХЪАБИ!**

2021 соналъ районалъул газеталъ бала 90 сон. Нижеца байбихьи лъолеб буго гIемерал саназул тарихги нахъа тун, нилъер наслабазе ирслъун бугеб «Цолъи» газеталъул юбилей кIодо гьабиялъе. ТIоцебесеб иргаялда тIобитIизе буго нижер цIалдохъабазда гьоркьоб конкурс « **«Цолъи»ялъул бищун лъикIав гьалмагъ»**. Гьелъул аслияб мурад цIалдохъабазул газеталъулгун бухьен цIикIкIинаби.

Конкурсалда гIахьаллъизе бегьула бокьарав чи. Киналго номинациябазде материал къабул гьабула, саназда рекъон, 2 категориялда:

- 7-18 сон барал
- 18-ялдаса тIадехун сон барал.

**КОНКУРС ТIОБИТIИЗЕ БУГО 3 БАТIИЯБ НОМИНАЦИЯЛДА:**

**1-себ номинация**
**«Бищун лъикIаб макъалаялъул автор»**

Номинациялда рекъон хIадуризе бегьула росдал тарихалъул, яги жакъасеб ахIвал – хIалалъул тема, росдал ва росуцоязул рукIа-рахъиналъул, ялъуни цебетIеязул хIакъалъулъ макъалаби. Босизе бегьула бокьараб эркенаб тема.

Макъалаби редакциялъ къабул гьарула кверал хъваралги, электрониябъ форматалда ритIаралги.

Гьезда гьоркьоса редколлегиялъ ва жюриялъ бищизе буго бищун лъикIаб 3 макъала (1-себ, 2-леб, 3-леб бакI), саназда рекъон, кIиябго категориялда.

ХIалтIаби ритIизе бегьула 1 октябралдаса 1 декабралде щвезегIан. Нижехъе битIараб кагътида букIине ккола авторасул цIар, фамилия, росу ва телефоналъул номер.

ХIасил гьабизе буго 2020 соналъул 18 декабралда редакциялда.

**2-леб номинация**
**«ЦIалула «Цолъи» кибго ва кидаго»**

Гьаб номинациялда рекъон, къимат кьезе буго бищун лъикI ва берцинго бахъараб «Цолъи» газета гьорлъ бугеб сураталъе. Фотоконкурсалде рахъе ва ритIе берцинал, гIажаибал, цоцазда релъинчIел суратал, «Цолъи» газета кодоб ккун, ялъуни гьеб кадралде кколедухъ.

Гьезда гьоркьоса редколлегиялъ ва жюриялъ бищизе буго бищун лъикIаб 3 сурат (1-себ, 2-леб, 3-леб бакI) кIиябго саназул категориялда.

Суратал ритIе газеталъул электрониябъ адресалде (gazeta.yedinstvo@mail.ru) 1 октябралдаса 1 декабралде щвезегIан.

Сурат бахъизе бегьула телефоналда, амма букIине ккола лъикIаб качествоялъул. Сураталда цадахъго битIизе ккола гьелъул авторасул цIар, фамилия, росу ва телефоналъул номер.

ХIасил гьабизе буго 2020 соналъул 18 декабралда редакциялда.




**3-леб номинация**
**«Цолъи»ялъул хIакъалъулъ пикру»**

«Цолъи» газеталда рахъарал макъалабаздасан, ялъуни жибго газеталъул хIакъалъулъ нужерго пикру загьир гьабулел кагътазе кьезе буго къимат гьаб номинациялда рекъон. Гьениб загьир гьабизе бегьула нужерго бербалагьи, къимат кьолеб пикру, критика, малъа-хъваял, рехсезе бегьула рокьулел рубрикаби ва цогидаб.

Кагътал ритIизе бегьула 1 октябралдаса 1 декабралде щвезегIан. Нижехъе битIараб кагътида букIине ккола авторасул цIар, фамилия, росу ва телефоналъул номер.

ХIасил гьабизе буго 2020 соналъул 18 декабралда редакциялда.

Лъабабго номинациялъул хIасилалги гьарун, бищун лъикIал хIалтIабазе кьезе руго шапакъатал ва рахъизе руго «Цолъи»ялъул гьурмазда.

Макъалаби рукIине бегьуларо цIакъго кIудиял-гIорхъи чIезабулеб буго А4 форматалъул кIиго тIамач.

Гьединго, 18 декабралда тIобитIизе буго **лотерея**. Гьелда гIахьаллъи гьабизе къваригIуна 2021 соналъе подписка гьабурав абонемент.

Кинабго материал битIизе бегьула нижер электрониябъ адресалде **gazeta.yedinstvo@mail.ru**, ялъуни почтаялъул адресалде: РД, Шамильский район, с.Хебда, ул. им. Шамиля, 50.

Конкурсалъул мухIканлъи цIехезе бокьарал кIалъазе бегьула гьал номеразда:
**+7 (87259) 2-22-59, 8(989)-888-36-38.**

Кагътида тIад конкурсалъул ва номинациялъул цIар хъвай!

■ ХАСАБ ПИКРУ

Давуд ДАВУДОВ

## Лъималазе тарбия-метер къоялъул аслу

Щибаб цебетІураб улкаялда къимат гьабула гьеб улкаялъул аслияб къанун Конституциялъул. Гьенир хъварал хІукмаби тІуразари пачалихъалъул ва халкъалъул тІадегІанаб борч буго.

Пачалихъалъул къануназда хъвачІониги щивасул пикрабазулъги букІине ккола рукъалъул аслияб къанун. Нилъ урхъун рукІуна ритІухълъиялъухъ, ритІухълъийин абуни, хІилла-макру камураб гІамалалъулъ ва рагІулъ батула. Гьелъул байбихьи, кьучІ ккола умумуздасаго батараб магІаруласул «Конституция» цІуни. Абула бихьинчиясда тІадаб бугин мина базеги, гъветІ чІезеги, вас гьавизеги. ГІемерисел бихьиназ гьел хІалтІаби дурусго тІуразаруна. Амма вас гьавурав гІоларо, гьесие тарбия кьезеги ккола. Хьоп гІатІго букІаго кьуричІони бекулилан абухъего, нилъеда якьинго лъалеб буго лъималазе гьитІинго кьураб тарбияги лъайги гьезие кидаго хІажалъизе букІин.

РФялъул Конституциялда исана гьарурал хиса-басиязда жаниб аслияб бутІалъун ккола лъималазе тарбия кьеялъулъ бугеб жавабчилъи. 1 сентябралдаса нахъе школазда ругел классазул нухмалъулезе гІарцул къадар цІикІкІинабун бугин абун, тарбиялъул жавабчилъи гьезде рехи ккола улбузул тасамахІлъи. МугІалимзабигун улбул цадахъ хІалтІиялда бараб буго гІемерисеб. Амма, мугІалимас кьураб тарбияги малаца мерхьулеб гІадаб тарбия щолеб буго цо сагІаталъ интерненталъ бихьизабураб передачаялъ. Мочалкаялъ лъим цІцІулеб кинигин, гьениб батараб ва бихьараб лъималаз хехго босула. КъваригІел гьечІел, къватІазул «бахІарзазул» рукІа-рахъин мисалияблъунги бихьула.

Дагъистаналъул халкъаз цебеса цебе кьун буго иман-исламалда, яхІ-намусалда, гІаданлъи-чилъиялда хурхараб рухІияб цебетІей. Гьеб буго КъуръаналдагІанги хиса-баси гьабизе гьукъараб, гІасрабаз хІалтІун хІалбихьараб, кагътида гуреб, щивав инсанасул рекІелъ бикІараб «Конституция». ХІакълъунго цебетІураб, метерисеб къоялъул пикру гьабулеб жамгІияталъ хасаб бутІа лъола гІун бачІунеб гІелалъе битІараб нухдасан тарбия щвеялъе.

Жакъа нильеда рагІулел, гІолохъабазда гьоркьор тІиритІун ругел наркомания, чІвадарухъанлъи, бикъахъами, саяхълъиялда хьвади гІадал лъугьа-бахъинал руго сонисеб къоялъул дарсал. МухІаммад (с.т.гІ.в.) аварагас абун буго «Эбел-инсуца лъимаде толеб бищун къиматаб ирс ккола битІараб тарбия»- йилан.

Улбузул гуребги тарбия кьеялъулъ жамгІияталъул жавабчилъиялъул мисаллъун рехсела цо гьадинаб биценги: «Щибаб къоялъ бихьизабураб маршруталда рекъон хьвадулеб автобусалде жанире лъугьун рачІуна лъабго лъимерги гьезул эменги. Къоялъ хІалтІуда свакарал гІадамазул цоял телефоналде руссун, цоял гъапуллъун рукІуна. Амма жанире рачІарал лъималазул ахІи-хІуралъ киналго гьезде руссуна. Цоял рекерахъдулел, цоял дагІбадулел, цогидал пассажиразе тІагІам бахъулел рукІуна. Сундулниги миллат гьабичІого хІалхьиялда гІодов чІун гьезул эменги вукІуна. РахІат хварал гІадамаз инсуде ахІи бала.

- ГІенеккея, бихьинчи, гьал дур лъималаз нижее тІагІам бахъулеб буго, бегьулариш гьал хІалхьиялда чІезаризе?

– БитІараб абулеб буго нужеца, дица щибниги жо ургъила,- ян абула макьидаса вигьарав чияс гІадин инсуца, -Ниж гьабсагІат больницаялдаса рачІинел руго. Гьал лъималазул баба хвана гьений. Дир гІакълуялъ кинабго жо къабул гьабулеб гьечІо! Лъималазда гьеб лъазе тезеги бокьун гьечІо...

Цо параялъ автобусалда сихІкъотІи лъугьуна. Цоял лъималазул инсуда зигара базе лъугьуна, цогидал лъималазда къочун гІодула. Бугес бахъун чантиниса гІарац кьола, пакеталъуса бахъун лъималазе пихъмичІ, кампетал кьун, гьел гІодоруссинарула».

Биценалъул пикру гьабураб мехалъ, щивасул ботІролъ букІун буго тарбиялдехун батІи-батІияб бербалагьи. Ай, киназго жидерго рокъобги «цІалалъул» ва «пряникІазул» кьагІида хІалтІизабулеблъи загьирлъана. КигІан хІаракат бахъун лъимада кьогІаб хабар лъазе теларин эмен чІаниги бихьулеб буго сверухълъиялъ гьезда гьеб, якьинго абичІониги, жидерго бербалагьиялъ, гІамал-хасияталъ хехго лъазабулеблъи.

Цо гІакъилас абухъе: «Заралалъул гьотІодаса тІанхал ретІулел азаргоязда гьоркьов, цоявгІаги ватула гьеб гьветІ кьолбодасаго бахъулев».

ГІун бачІунеб гІелалъе тарбия кьей буго улбузул, жамгІияталъул, мугІалимзабазул унго-унгояб жавабчилъи цІикІкІараб цолъи.

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТІАЯЛДА

# МугІрузул районазда тІоцебесеб колледж

**Нилъер умумузда цебе чІезабунцин бажарилароан 21 гІасруялъ нилъее кьурал ресал. КигІан гІемерал ресал ругониги, гьанжелъизегІан букІинчІо мугІрул районазда школа лъугІун хадуб шагьаразде цІализе ун гуреб, батІияб нух. ГьалеисанакІиабилеб сон буго нилъер районалда Социалияб колледжалъ студентазе каваби рагьаралдаса. Гьелъул хІакъалъулъ гара – чІвари гьабизе ниж щвана, колледжалъул директор МухІамадов ГьитІиномухІаммад ГІабдулаевичасухъе. Гьев ккола ХІебда школалъул выпускник. 2001 соналъ ГьитІиномухІамадица лъугІана ДГУялъул филологияб факультет ва 2006 соналъ юридическияб факультетги.**

**- ГьитІиномухІаммад, тІоцебесеб иргаялда лъазе бокьилаан, лъида ракІалде ккараб, гьадигІан хайир цІикІкІараб ишалъе районалда кьучІ лъезе?**



- ГІасаб ГІабдурахІман хІажиясул цІаралда бугеб мадрасалъул рагІичІев чи нилъер районалда вати, щакаб буго. Районалда гуребги Россиялдаго цІар тІибитІараблъун буго, ГІасаса ХІасан – ХІильми МухІамадовасул нухмалъиялда гьоркь хІалтІулеб, рухІияб лъайкьеялъул идара. Киналго гурелъул рухІияб лъаялда гІей гьабун чІолел, гІемерисез тІалаб гьабула светский лъай щвезе. Росабалъ ругел гІолилазул цоял рукІуна шагьаразде ине рес гьечІел, цоял рукІуна цІализе ине бокьаниги, эбел – инсуца риччаларел. Гьеб кинабго аслуялдеги босун, жиндирго пикрабазул бицине дихъе щвана ХІасан – ХІильми. Районалдаго диплом щвезе рес бугони, гІемерисел гІолилал шагьараздe инчІого, росабалъго чІеялъеги хьул бугилан бицана гьес дидехун. ГІемерисел улбузда кІоларо жеги тІубараб пикру гьечІел гІолилал рахъ – рахъалде риччазе. РакІал кигІан гьанцІун ругониги, лъимал лъай щвезе риччачІого ресги гьечІо. Нилъерго районалда социалияв юристасул диплом щвезе рес букІин – гьеб буго кІудияб нигІмат, ва гьеб аницалъ кверде росана ниж кІиялго.

**- Аницазда течІого, гьеб гІумруялде бахъинабизе хІаракат бахъулаго, кинал захІмалъаби нужеда данд чІварал?**



- КъогогІан соналъ батІи – батІиял лъайкьеялъул идарабазда хІалтІарав дун, кинабгоги рехун тун, байбихьана колледжалъе кьучІ лъеялда тІад хІалтІизе. Нижее кІудияб кумек щвана ГІасаса ГІамирханов Жамбулатидасан. Гьабулеб ва гьабизе ракІалда бугеб хІалтІул бицун щвана районалъул бетІер МухІаммад ХІасановасухъеги. Нижер байбихьиялъе гьесги кьуна лъикІаб къимат, гьединго квербакъиги гьабулеб буго. ЗахІмалъабазул бицунаго, тІоцебесеб иргаялда рехсела кинабго цІияб байбихьиялдего гІадин, рагьараб цІалул учреждениялдеги жамагІаталъул божилъи гІунгутІи бугилан. ТІолго жамагІатинги абизе бегьиларо, щайгурелъул, араб соналъ гІурал студентал рукІана колледжалъул. ГІемерисезул суал букІуна – колледжалъул хІукуматалъул лицензия бугищ ва дипломги хІукуматалъул даражаялъул щолищ? Щола! БатІалъи буго гІицІго бюджеталъул гуреб идара букІин. Кинабго цІалул хІалтІи букІуна Министерство просвещениялъул халгьабиялда гьоркь. Социалияб колледжалъул буго болжал гьечІеб лицензия(бессрочная лицензия).

**- Чан класс лъугІарал колледжалде цІализе лъугьине бегьулел ва кинал документал гьез хІадуризе кколел? Гьелъулъги батиларо щибгІаги батІалъи, гІадатиялдаса?**

- ГьечІо, киналго колледжаздего гІадин, Социалияб колледжалъги къабул гьарула 9 ва 11 класс лъугІун рачІарал выпускникал. 9 класс лъугІарал, цІализе ккола очно- 2 лъагІелгун 10 моцІалъ, заочно – 3 лъагІелгун 10 моцІалъ. 11 класс лъугІарал, очно – 1 лъагІелгун 10 моцІалъ ва заочно 2 лъагІелгун 10 моцІалъ. Цебе абухъего, гьелдаса хадуб щола хІукуматалъул даражаялъул диплом ва цІали халатбахъизе бокьарал, къабул гьарула гьебго мухъалъул тІадегІанал цІалул учреждениязги. Социалияб колледжалъ хІадурула юристал, «Право и организация социального обеспечения» специальносталъул выпускникал. Нижер диплом щварал, хІалтІизе бегьулел идарабазул буго цІикІкІараб къадар, гьел ккола Пенсионнияб фонд, батІи – батІиял социалиял идараби, КЦСОН, школа-садиказул социалиябгун психологическиял хъулухъал, МВД, сахлъи цІуниялъул идараби, хІукуматалъул гурел жамгІиял гІуцІаби ва гь.ц. РакІалда буго жеги учительзаби хІадурулел факультеталги рагьизе.

**- ЦІализе лъугьине бокьараз кинал документал ва кире кьезе кколел бице, ГьитІиномухІаммад.**

- 25 июналдаса байбихьун 30 октябралде щвезегІан къабул гьарула документал ГІасаб мадрасаялда. Гьез кьезе ккола гІарза, хасаб формаялда цІураб, паспорталъул копия, аттестат,3х4 жиндирго 8 сурат, 86У формаялъул справкаги, жиндир сахлъиялъул бицунеб. Исанаги цІали ине буго заочно. РикІкІадаса рачІарал студентазе рега – рахъизе бакІги, квенги чІезабизеги буго, щибго тІаде гІарац кьечІого. Нижер телефон: 8(967)-933-33-35, 8(967)-938-16-41

Электроннияб адрес:
gitin-1973@mail.ru

**- Цоги кІвар цІикІкІараб суал буго материалияб база чІезабиялъул. Ругищ колледжалъул гІурал тІахьал ва гьаб заманалъ рагІа – ракьанде цІали щвезе ккани, чара гьечІого къваригІунел компьютерал?**

- Руго. Росун чІезаруралги руго, тІаде районалъул библиотеказдаса хІалтІизаризеги росула. Компьютералъул классги буго. ТІахьазулги компьютеразулги къадар цІикІкІинабиялда тІад хІалтІи гьабулебги буго.

**- Гьенир хІалтІулел мугІалимзабазул хІакъалъулъ щиб дуца абилеб?**

- Бищун аслияблъун буго лъай цІикІкІарал мугІалимзаби колледжалда хІалтІизе роси. Араб соналъ нижеца гІемераб хІалтІи гьабуна, мугІалимзаби ралагьиялда, рищиялда тІад. Щаклъи гьечІо, гІемер соназ хІалтІарал, жидер лъай цІикІкІарал хІалтІухъаби колледжалда рукІиналъул. Гьеб бихьизабуна берцинго нухда араб сессиялъги. ХІалтІуде росулелъул кІвар кьола ахирисеб хІалтІул бакІалдаса кьураб характеристикаялде ва категориялде. МугІалимзабазулгун гьабула собеседование, жидер махщел загьир гьабулеб.

- Ниж цІакъ рохарал руго гІолохъанаб гІелалъе ресал цІикІкІиналдаса. Гьарула Социалияб колледжалъе цебетІей.

-Баркала, ГІайшат.

ГІ. НУРМУХІАМАДОВА

■ ЗИГАРА

## ХIАЖИЕВ МухIамадрасул МухIамадович



31 августалъ нилъедаса ватIа-лъана Бакъ-лъухъа, 54 соналъ врачлъун хIал-тIарав, ХIажиев МухIамадрасул МухIамадович.

МухIамадрасул ХIажиев гьаву-на 1932 соналъ Шамил района-лъул Гъоркьа Бакълъухъ ро-сулъ.

1950 соналъ КъахIиб гьоркьохъеб шко-лаги лъугIизабун, 1950-1953 соназ гьев хIалтIана ТIаса Бакълъухъ байбихьул классазул мугIалимлъун.

Хадубккун МухIамадрасул ана цIализе Дагъистаналъул медицинаялъул инсти-туталде.

1960-1961 соналъ интернатура лъу-гIизабун хадубги Азербайджаналъул врачазул лъай цIикIкIинабиялъул инсти-туталда цIалана.

Гьединго гьев 1960-1961 саназ хIалтIана КъахIиб районалъул трахоматозный диспансералъул бетIерав врачлъун.

1961-1964 соназ гьев вукIана нилъер райо-налъул сахлъи цIуниялъул гIуцIиялъул бетIерав врачлъунги.

Районазда гьоркьосеб трахоматозный дис-пансералъул бетIерав врачлъун хIалтIана 1965-1966 саназ. Гъоркьа Бакълъухъ гьес гьабуна 159 беразе операция.

1966-2004 соназ гьев тIамуна Бакълъухъ амбулаториялъул бетIерав врачлъун.

Гьелдаса хадувги анцIгогIанисеб соналъ МухIамадрасул хIалтIана Бакълъухъ участковый больницаялда терапевтлъун. 2014 соналдаса нахъе хIалхьуда вукIана.

ГIемерал саназ ракIбацIцIадго тIубараб хIалтIухъ, гьев мустахIикълъана чанги пачалихъалъул тIадегIанал цIаразе: «Сахлъи цIуниялъул хIурматияв хIал-тIухъан», КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран, «СССРалъул, ДАССРалъул, ДР-ялъул Сахлъи цIуниялъул отличник», « ДРялъул мустахIикъав врач».

Гьесул шапакъатазда гьоркьор рехсезе бегьула: Почетная грамота красного креста -1971с., 1976с., 197 8с..; СССРалъул, ДАССРалъул, ДРялъул ХIурматиял грамотаби, В.И.Ленинил 100 сон баялде юбилеялъул медаль, КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранасул юбилеялъул медалал.

ГIумрудул цIикIкIунисеб заман хал-кьалъе гIоло хъулухъ гьабулаго вахъун чIарав МухIамадрасул МухIамадович киназулго ракIазулъ хутIила лъикIав инсанлъун. Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго гьесул гIагарлъиялда ва Бакълъухъ росдал жамагIаталда. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батайги.

Шамил районалъул
ЦРБялъул бетIерав тохтур
Ибрагьим Халилов
ва тIолабго больницаялъул коллектив

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## РахIму-цIобалъул цIурал ракIаз гьарула сах

Дунго больницаялда хIалтIулей йи-гониги, унтараб мехалъ гIадин тох-турзабазул къимат лъалеб букIун гьечIо. Исана коронавирусалъ унтарай дун гьезул кверщаликье ккана ва чанго анкьалъ больницаялда егун йикIана.

Цояб рахъ буго уколалги дарабиги. Амма тохтурасул унго-унгояб ракIбухIи гьечIони, гьезги сах гьари щакаб жо буго. Гьений егарал къоязда тIатана дие тохтурзабазул унго-унгояб гурхIел-рахIмуялъул асар ва гьеб асаралъ да-рабаздаса нахъе ккечIого сахлъиялъе гьабулеб лъикIаб квербакъи.

Гьединал махщелги камилал, рахI-му-цIобалъул цIурал ракIалги ру-гел тохтурзаби МухIамадов НигIма-тулагьиеги, Къебедов МухIамаднуриеги, медсестрабазеги, тIолабго ковид-19 отделениялъул хIалтIухъабазеги бо-кьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе, гьезие гIумруялъул икъбал-та-лихIги гьаризе, дун гIадин Аллагьги разилъайги гьездаса.

**Адаб хIурматтун Шамил ЦРБялъул хIалтIухъан ХIАМЗАТОВА ГIайшат**

■ ШИГIРИЯБ РАГIИ

## *ЛъикI таяб магIарулльи*

Кавказалъул мугIрузул
Каранда бусен лъураб,
Бисазул борхалъуда
Росабаз рещтIен ккураб,

ГодекIабахъ яхI гъолеб
ГанчIацаги хIал кьолеб,
Кьурулъан тIегь баккулеб
Баркаман магIарулльи.

ТIабигIияб кьуру-къед
Къилбаялде буссараб,
Исламияб дин цIунун
ЦIар ракьалда машгьураб,

Шагьал-пачазабазда
Нич баччизе гьабураб,
Бичас бижараб хIикмат-
ХIал чIахъад магIарулльи.

НекIсиял ахIул сиял
Наслабаз риханиги,
Намусалъул сси хвезе
Хадусел гIелаз течIеб,

Лъабавго имамасул
Нус-нус наибзабазул,
Узденлъиялъ тараб лъалкI-
ЛъикI таяб магIарулльи.

КIалзул рагIи гъваридаб,
ГIурдада хер даруяб,
ГIалхуда тIабигIаталъ
ТIагIат даим гьабулеб,

Дагъистаналъул къисмат
КъотIи гьечIел рагъазулъ,
Къо ккаралъуб батулеб,
Байтул мал магIарулльи.

Замана квешлъаниги
ЛъикIазде мугъчIвай бугеб,
ЧIагояб ракI бугезул
РукIа-рахьин хIайранаб,

ХIалихьаталщиназда
Шокъроб ракьалъун къараб,
Къимат тIокIаб хазина -
Хвел гьечIеб магIарулльи!

**МухIамад ХIАМЗАЕВ**



■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

## О ПРОВЕДЕНИИ АУКЦИОНА НА ПРАВО ЗАКЛЮЧЕНИЯ ДОГОВОРА АРЕНДЫ ЗЕМЕЛЬНОГО УЧАСТКА

Администрация МО «сельсовет Ругельдинский» Шамильского района РД сообщает о проведении аукциона 26 октября 2020 года по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05: 33: 000056:350 категорией земли сельскохозяйственного назначения с разрешенным использованием для сельскохозяйственного использования, расположенное по адресу: РД, Шамильский район, с. Ругельда в местности «БагIараб гIурухъ». Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая.

Площадь земельного участка 1000018 кв.м. Заявления об участии в аукционе принимаются в течение месяца со дня опубликования данного объявления по адресу: РД, Шамильский район, с. Ругельда, ул. Али Келебского, д.4.


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.
ТI.МухIамадов

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ.№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужа-базул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авто-раз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI